


Flanbo Verite A



YON MIRAY DIFE

(Gade istwa sa a nan paj 11)

Novanm - Desanm 2019 | Volim 9 Nimewo 6

Jounal sa a pa pou vann

TAB MATYÈ

Editorial	3
Ki Moun Bondye Ye ?	4
Istwa Kouvèti a	11
Seksyon Paran	
Apèl pou Monte	
Leson 9a	15
Istwa Biblik	
Zanj Gabriyel Vizite Mari.....	18
Istwa Mati Yo	
Mak, Otè Liv Levanjil Mak la – Ane 64...	23
Seksyon Jenn	
Cheman Li te Chwazi a	
Chapit 1a.....	25
Seksyon Timoun	
Mata Aprann Sonje	30
Aktivite Timoun.....	34
Bon Tè	Kouvèti Dèyè

Komite

Direktè

Dale E. Heisey

Duane Nisly

Mark Yoder

Paul Schrock

Noah Schrock

Antonio Valverde

Jesús Villegas

Sanford Yoder

Editè

Duane Nisly

Matthew Morhart

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15

Pital de San Carlos

Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se Publicadora La Merced, ki sitiye nan Santa Rita de Rio Cuarto, Costa Rica, ki pibliye li chak de (2) mwa.

PUBLICADORA LA

MERCED se yon konpayi k'ap pibliye liv nan yon bi pou yo pwopaje Levanjil la. Yo pa fè sa pou lajan. Okontrè, yo fè sa pou yo pwopaje bon jan doktrin biblik dapre kwayans Anabatis yo, epi yo fè sa pou sila yo k'ap resevwa literati sa yo kapab jwenn bon konsèy pratik pou aplike nan lavi yo.

Desen Kouvèti a :
Randall Nisly

Editorial

Chè lektè :

Anviwon sèt (7) ane pase, nou tout te sezi lè ti frè m' lan te sibi yon kriz kè. Lè n' te gade mesye, li te sanble yon nonm ki an bon sante. Nou pa t' janm mete nan tèt nou li te ka genyen yon pwoblèm konsa. Men, youn nan gwo venn li ki ale nan kè a te bloke a 95%. Poutèt blokis sa a, kè li t'ap redi anpil, epi se sa ki te lakòz kriz la.

Pandan frè m' te kouche sou kabann lopital, li te reflechi sou kèk bagay ki vrèman konsekan. Mwen ta renmen pataje yo avèk ou. Mwen panse se bagay ki merite konsiderasyon.

« Pandan jou maten sa yo kote mwen te pi grav, yon lide te vini nan tèt mwen. Mwen te vin konsyan sou kijan kè fizik la genyen anpil bagay ki menm avèk kè espirityèl la. Koulye a, sa vle di kèk bagay nouvo pou mwen. Sa kè fizik la ye pou lavi fizik la, se sa kè espirityèl la ye pou lavi espirityèl la. Kolestewòl (grès) nan venn yo limite kantite oksijèn lan ki rive nan kè a. Si pa gen ase san ki rive, mis yo va manke oksijèn. Lè mis yo manke oksijèn, yo dejenere epi yo mouri. Kolestewòl se yon bagay ki rasanble ti kras pa ti kras andedan yon venn. Ou p'ap konnen si li la jouk li fin bloke venn lan. Nan sans espirityèl la, li esansyèl pou pisans Sentespri a toujou ap rive kote pou l' rive nan lavi espirityèl nou san li pa bloke. Bagay ki rasanble pou bloke lavi espirityèl nou se bagay nou ka mal pou detekte tou. Men kanmenm, blokis espirityèl sa yo kapab lakòz yon kriz espirityèl ki mete lavi espirityèl ou an danje.

« Pou mwen menm, ta sanble Bondye te vle pou m' genyen yon lòt chans ankò pou m' egzaminen lavi m' pou m' wè si genyen kolestewòl espirityèl k'ap jennen kè espirityèl mwen an ansanm ak lavi espirityèl mwen an. Èske genyen bagay nan lavi m' ki anpeche pisans Bondye a mache lakay mwen ? Kilti modèn lan sansib anpil pou sante fizik nou. Yo etidye yon bann bagay ki mènase kò a. Poutan, se pa anpil moun ki enterese nan sante espirityèl la. Lè m' konpare de (2) bagay sa yo, sa ban m' okazyon pou m' egzaminen lavi m', pou m' konfese peche m' yo, epi pou m' libere kè mwen anba bagay ki te ka bloke lavi m' espirityèlman. »

Koulye a, chè lektè, mwen envite ou pou sezi okazyon sa a Bondye ba ou jodi a pou fè yon pòz. Kite Sentespri a egzaminen sante espirityèl ou. Se jodi a menm pou ou elimine kèlkeswa anpechman ki genyen nan lavi ou. Livrez ou bay Bondye san okenn rezèv. Li se Kreyatè ou, epi Li se Sovè ou.

Dwann Nisli

KÈK DANJE

legliz la ap konfwonte poutèt yon sosyete k'ap degrengole desann.



Ki Moun Bondye Ye ?

Entwodiksyon

D epi nan kòmansman legliz Jezi Kris la, legliz la te toujou oblije fè fas avèk yon seri sityasyon ki te manifeste tanzantan. Chak epòk te genyen menas pa l'. Sa se yon bagay ki ede nou kwè nan Nouvo Kontra a. Alepòk, te genyen bagay mal ki te vle enfliyanse legliz Kris la. Danje a te reyèl. Legliz la te oblije fè fas avèk menas sa yo. Men se pa menm menas sa yo ki la jodi a. Jodi a, legliz la anfas yon seri danje ki pa t' prezan nan lòt syèk yo. Si se pèp Bondye a nou ye vre, nou ta sipoze enterese nan kilès danje ki deyò a. Nou dwe idantifye yo pou n' kapab fè fas avèk yo byen, nan yon fason ki dakò ak sa Bib la di.

N'ap viv nan yon epòk danjere anpil, epi lènmi an ap chache moun pou li devore. Lènmi an fikse atansyon l' sou kwayan yo, epi li travay pou li twonpe epi detounen pèp Bondye a. Se poutèt sa, li sitèlman enpòtan pou nou resevwa avètisman, epi pou n' veyatif devan danje yo. Kòm nou pibliye anpil dokiman, se dezi kè nou pou n' adrese kèk nan danje sa yo. Nan jounal k'ap vini yo, nou konte prezante yon seri atik ki va fè sa menm.

Nan seri sa a, nou vle gade toudabò kilès moun Bondye ye, epi nou vle deklare

kèk verite Li deja etabli nan Pawòl Li, ki se Bib la. Bondye se yon Bondye verite Li ye, epi sa Li etabli pa konn varye. Se Li menm ki poze fondasyon an pou sa nou kwè epi pou sa nou fè. Si se pa t' pou fondasyon sa a, nou pa t'ap genyen yon kote pou n' kòmanse. Yon lòt sijè nou vle adrese se nouvo tolerans yo sosyete nou an ap selebre. Nou vle konprann kijan bagay sa yo mache kont sa Bib la anseye. Ankò, nou vle gade kòman lavi moun se yon bagay ki sen epi presye. Se fasil pou n' remake verite sa a se yon verite lemonn ap kouri rechte an jeneral. Apre sa, nou vle gade maryaj selon plan Bondye a, epi n'ap konsidere tout defòmasyon nan maryaj sosyete nou an ap chwazi epi selebre jounen jodi a. Rasis se yon lòt koze ki te afekte sosyete ki pase yo, epi ki la toujou jounen jodi a. Ki reyaksyon yon Kreyen dwe manifeste devan kalite mouvman sa yo ? Alafen, nou vle konprann kisa pitit Bondye yo dwe fè lè yo anfas yon seri lwa sivil ki kanpe kont kòmandman Bondye yo, epi ki kont prensip bibliy yo.

Se klè n'ap viv nan yon sosyete ki chite epi k'ap mache anvè pi gwo dezòd jou an jou. Men, Bondye rele pitit Li yo pou yo kanpe tankou limyè epi tankou sèl devan lemonn. Depi nou entegre nou nan sosyete a, epi lè nou adapte lide pa nou pou yo mache ak lide pa yo, limyè a afibli. Sèl la pèdi gou l'. Ann mande Bondye pou Li ede nou devni poto ki kanpe djanm nan mitan lemonn tèt chaje sa a—sitou nan dènye jou sa yo.

—Dwann Nisli

1 - Se Bondye Li Ye

Sosyete A Ap Chanje

Nan dènye detwa jenerasyon sa yo, gen yon gran transfòmasyon ki kontinye ap fèt nan sosyete modèn lan. Si nou gade sa ki enpòtan pou lòm koulye a, ak sa lòm kenbe kòm koutim, nou wè panse moun gentan chanje direksyon. Si nou te ka reprezante chanjman sa yo avèk yon liy ki reprezante direksyon moral sosyete modèn lan, nou ta wè liy sa a ap plonje desann.

Prensip kreyen se bagay sosyete modèn lan vire kite. Yo di n'ap viv nan yon sosyete ki depase « modèn » koulye a. Se « avanse » nou avanse plis. Lide sa yo, ansanm ak lide imanis yo, gentan enfliyanse panse ki nan tèt moun anpil anpil. Jan moun te konprann lavi a nan ane pase yo, se pa konsa yo konprann li ankò.

Sa ta dwe atire atansyon nou, sitou paske Kris te ban nou lòd pou n' sèvi tankou sèl ak limyè devan lemonn (Matye 5.13–16). Sèl fè manje pi gou. Sèl prezève. Sèl touye mikwòb. Limyè bay direksyon. Limyè pèmèt moun wè epi konprann. Limyè

anpeche move pa. Pandan sosyete modèn lan ap mache pi lwen Bondye ansanm ak prensip Li yo, tach Kreyen an vin pi enpòtan. Anmenmtan, tach la vin pi difisil tou.

Jou an jou, genyen plis moun k'ap mennen yon lavi tou vid. Yo vin mal pou resevwa gerizon Jezi vle ofri yo. Men yon egzanp : Kòman nou te kapab konvenk yon moun genyen espwa pou demen si moun lan pa menm kwè mond esprityèl la egziste ? Kòman nou ka ede l' wè se peche pa li yo ki se sous pwoblèm pa l' yo, si li pa dakò peche egziste ? Se toutbonvre n'ap viv nan yon epòk tou nèf.

Kòman Sa Afekte Kreyen An ?

Chanjman sa yo pa sèlman genyen efè sou relasyon nou avèk lemonn kote n'ap viv la. Yo afekte nou pèsònèlman tou. Se yon verite li ye, menmsi nou mal pou asepte l'. Sa vle di, mantalite a ki nan kilti kote n'ap viv la enfliyans nou. Nou tout gen tandans asepte koutim yo ki nan sosyete kote n'ap viv la. Depi koutim sa yo ap chanje, Kreyen yo sibi enfliyans lan kanmenm. Lè chanjman yo fèt rapid, nou sezi epi nou fasil rekonèt yo pou bagay mal. Men, kòman sa ye apre yon bann tan pase ? Ann pran abiman kòm yon egzanp. 150 ane pase, ou pa t'ap ka jwenn menm yon fanm jennès (ki t'ap eseye sedwi moun) ki t'ap dakò abiye jan moun nan sosyete a dakò pran lari a jounen jodi a. Dèske pa genyen anpil diferans ant abiman lemonn ak abiman ki swadizan kreyen jodi a, ki mesaj n'ap bay ? Èske se posib pou Kreyen jounen jodi a abiye kò yo pi mal pase jennès lontan yo ? Kisa ki rive konsa ? Se pa t' yon chanjman ki te fèt rapid. Chanjman sa a te fèt tipatipa. Souvan legliz yo te sou chòk lè yon nouvo estil te antre. Men apre yon bon tan te fin pase, legliz la te vin adopte menm koutim lan. Legliz yo te vin abitye avè l' jouk li pa t' menm wè l' pou anyen ankò.

Koulye a, lè chanjman yo se chanjman ki sibtil, li pi difisil toujou pou evite enfliyans lemonn. Souvan nou santi chanjman an pa reprezante yon pa anvè sa ki mal. Li ka menm parèt kòm yon chanjman ki bon. Konsidere ki gwo enpòtans moun mete sou respè ak tolerans jounen jodi a. Sa a se yon chanjman ki pozitif, pa vre ? Se si li fèt byen, li pozitif. Epi nou konsyan genyen gwoup moun ki vrèman konn resevwa move trètman. Sa se yon wont li ye.

Men, ann sonje respè avèk tolerans pa vle di ou oblije aplodi bagay ki pa bon. Chak grenn moun sou latè se yon moun Bondye renmen. Nou dwe aji avèk menm renmen epi menm respè a anvè tout moun. Poutan, yon gwo pati nan legliz modèn lan vle di nou, si nou respekte yon moun, sa vle di nou dwe aplodi tout sa l'ap fè (depì se pa mal l'ap fè lòt moun mal). Èske pozisyon sa a se yon pozisyon ki kòrèk ?

Nan ane ki pase yo, sosyete lwès yo (Ewòp ak Lamerik yo) te baze plizoumwenn sou yon fondasyon ki te sòti nan prensip bibliik. Pifò moun nan sosyete sa yo te konn

ale legliz, epi si ou te mande yo, yo t'ap di se Kreyen yo ye. Konsa, yo te gen respè omwen pou kèk bagay ki nan Bib la. Yo pa t'ap travay jou Dimanch. Yo te marye pou lavi. Yo te dakò fòk moun travay pou yo jwenn manje. Yo te wè enpòtans fanmi an. Te genyen lòt prensip moun yo te fasil asepte toujou.

Koulye a, nou bezwen pale byen klè. Lè n' di sa nou di la a, sa pa vle di sosyete sa yo t'ap swiv Bondye pou sa. Se pa sa n'ap di. Men, nou vle montre ou te genyen yon respè kanmenm pou Bib la an jeneral. Sosyete lwès yo te toujou genyen vye bagay tankou rasis, adorasyon lajan, vye trètman anvè tèl gwoup moun, elatriye.

Nan anviwònman sa a, li te vrèman fasil pou yon moun pwofese lafwa kreyen epi preche Pawòl Bondye a. Tout moun t'ap dakò avè ou. Omwen, yo te gen krentif pou Bib la kòm otorite sou lavi moun.

Jounen jodi a, tout bagay sa yo ap chanje rapidman. Li pa aseptab ankò nan sosyete modèn lan pou ou itilize Bib la kòm yon sous pou etabli sa ki bon pou eseye di sa moun ta dwe fè. Anpil moun gade relijyon kòm bagay ki pa lojik. Yo di li pa mache ak lasyans. Konsa, yo tou gade Kreyen mal—tankou moun yo pa ka fin konfyè.

Kòman Nou Ka Fè Fas Avèk Sa N'ap Wè Devan Nou ?

Kijan pou n' reyaji devan kalite bagay sa yo ? Kòman nou ka ranpli misyon Bondye ban nou an ?

Nou dwe sonje lemonn pa janm soumèt devan Bondye—se yon wayòm apa li ye. *« Nou konnen nou se moun Bondye. Men, tou sa ki sou latè anba pouvwa Satan »* (1 Jan 5.19). *« Moun k'ap viv dapre sa lèzòm jwenn nan kò yo, se yon sèl bagay ki nan tèt yo : se egzijans kò a. Men, moun k'ap viv dapre Lespri Bondye a, se yon sèl bagay ki nan tèt yo : se egzijans Lespri a. ⁶Lè ou kite egzijans kò a pran tèt ou, se mouri w'ap mouri. Men, lè ou kite egzijans Lespri a pran tèt ou, se viv w'ap viv ak kè poze. ⁷Poukisa ? Paske, lè egzijans kò a fin pran tèt yon moun, li pa vle wè Bondye ankò, li p'ap soumèt devan lalwa Bondye a, li p'ap ka soumèt menm. ⁸Moun ki soumèt devan egzijans kò yo pa kapab fè Bondye plezi. ⁹...Si yon moun pa gen Lespri Kris la nan li, li pa pou Kris la »* (Women 8.5–9). Nou pa dwe sezi lè lemonn vire do bay Bondye. Yo swiv lènmi an, epi konsa yo va chache sa ki kontrè avèk sa Senyè a egzije lakay yo.

Nou menm Kreyen, nou pa moun tè sa a ; nou genyen yon lòt Wa epi yon lòt peyi. *« Men nou menm, nou se sitwayen peyi ki nan syèl la. Se tann n'ap tann Delivrans nou, Jezikri, Senyè a, ki gen pou desann sot nan syèl la »* (Filipyen 3.20). Wa pa nou an rele nou pou n' swiv lalwa pa Li a. Pou n' ka konnen volonte Li, epi pou n' ka konnen sa ki vre nan mitan tout sa yo vle mete devan nou, fòk nou konnen

Bondye, Papa nou an (Gade Jan 16.3.Ou va wè si nou pa konnen Bondye, se pa moun Kris la nou ye).

Bondye : Kilès Li Ye, Epi Kòman Li Ye ?

Bondye fè lòm konnen Li. Li fè sa an gwo pamwayen Bib la. Ann gade :

1. Dabò, Bondye se Kreyatè tout bagay. « *Nan kòmansman, Bondye kreye syèl la ak latè a* » (Jenèz 1.1) (Gade Jenèz chapit 1 ak chapit 2 nèt). Pasaj sa yo montre nou Bondye se sèl otorite a sou tout bagay ki egziste. Li gen dwa di nou kòman nou dwe viv. Se poutèt sa, sa nou kwè konsènan orijin nou se bagay ki vrèman enpòtan. Si se chans ki fè nou la a, epi se sòti nou te sòti nan yon bann reyaksyon chimik atravè yon pakèt tan, enben, nou pa ta gen rezon pou n' obeyi Bondye. Poutan, si nou se kreyasyon espesyal Bondye, otomatikman sa vle di Li gen otorite sou lavi nou.
2. Bondye omnipotan. « *Bondye di l' ankò : Se mwen menm Bondye ki gen tout pouvwa a...* » (Jenèz 35.11). Bondye genyen tout pouvwa. Se Li menm ki kenbe tout bagay nan plas yo (Ebre 1.3 ; Travay 17.28). San Bondye, nou pa ka fè anyen (Jan 15.15). Nou bezwen Bondye pou n' fè sa Li mande nou fè (Filipyen 2.13). Lè n' gade de (2) premye pwèn sa yo, kisa nou ka di ? Èske nou pa dwe wont pou rebelyon nou konn santi lakay nou kont kòmandman Li yo ? Epi, malgre Bondye toupisan, epi malgre Li se otorite nou, Li te chwazi kreye nou ak yon volonte (gade Jenèz 2.16–17). Bondye pèmèt moun deside si yo vle obeyi Li, osinon si yo vle dezobeyi Li. Sa a se yon prèv amou Li gen pou nou.
3. Bondye tout kote. « *Si m' vole ale bò kote solèy leve, osinon si m' al rete bò lòt bò lanmè, l'a ankò, W'ap toujou la pou mennen m', W'ap la pou pwoteje m'* » (Sòm 139.9–10). Bondye se Lespri (Jan 4.24), epi Li pa gen limit tankou lòm. Li toupatou alafwa. Verite sa a dwe konsole nou : nou pa bezwen pè paske Kreyatè nou an ki toupisan toujou la bò kote nou. Verite sa a dwe fè nou pè tou : Li wè tout sa n'ap fè. Depi nou dezobeyi, Li konnen.
4. Bondye omnisyan. « *Senyè, Ou sonde m', Ou konnen ki moun mwen ye. ²Ou konnen lè m' chita, Ou konnen lè m' kanpe. Ou rete byen lwen, Ou konnen tou sa k'ap pase nan tèt mwen. ³Mwen te mèt ap mache, mwen te mèt kouche, Ou wè m', Ou konnen tou sa m'ap fè. ⁴Mwen poko menm louvri bouch mwen, Ou gentan konnen tou sa mwen pral di* » (Sòm 139.1–4). Bondye konnen tout bagay. Nou pa ka kache anyen pou Li.
5. Bondye sen. « *Paske, men sa ki ekri nan Liv la : Se pou nou bon nèt, paske Mwen menm, Mwen bon nèt* » (1 Pyè 1.16) (Gade Levitik 11.44 tou). Bondye

sen se vre, men Li egzije nou pou nou sen tou. Matye 5.48 repete ankò kijan Bondye bon nèt. Ann gade kèk lòt aspè nan sentete Bondye a :

- a. Jistis. Men sa Bib la di nou nan Efezyen 5.9 « **Paske, limyè a fè moun fè bagay ki bon, bagay ki dwat ak bagay ki vre.** » Tout sa Bondye fè se bagay ki dwat. Pa gen okenn dout lakay Li. Nou pa kapab wè Bondye si nou pa mache nan sentete (Ebre 11.24, mo grèk la pale sou pwòpte, sou sanktifikasyon). Bondye pa asepte anyen ki move osinon ki sal nan prezans Li (Efezyen 5.5).
- b. Verite. Pa gen manti lakay Bondye. « **Bondye pa janm manti** » (Tit 1.2). Bondye se verite Li ye (Jan 14.6). Nou wè sa ankò nan jan Li egzije nou pou n' pa fè sèman (Matye 5.33–37) ; depi nou tante fè plis pase yon senp ti « wi/non » pou konvenk moun n'ap bay verite, sa vle di nou pa konn bay verite nan lòt okazyon, epi sa pa dwat.
- c. Renmen. Sa se yon lòt kalite ankò ki klè nan karaktè Bondye a. « Bondye se renmen menm » (1 Jan 4.8). Men, se yon kalite moun fasil mal konprann. Souvan nou tande moun ki di konsa : « Bondye p'ap pini m' paske Bondye se renmen, epi Li vle pou m' kontan. » Men, renmen toutbon an toujou ap chache byennèt lòt la. Yon egzanp se papa ak pitit : yon papa ki renmen pitit gason l' p'ap dakò pou pitit la jwe ak bagay k'ap blese li, menmsi timoun lan pete kriye poutèt sa. Èske ou pral di papa sa a pa renmen pitit li dèske li fè l' kriye ? Yon bon papa toujou korije pitit gason l' lè l' fè mal. San dout, timoun lan p'ap renmen koreksyon an, men èske sa vle di papa a pa renmen pitit la dèske li pini pitit li ? Okontrè, koreksyon ak pinisyon se yon pi gwo siy renmen li ye.
- d. Mizèrikòd. Bondye di nou Li gen mizèrikòd. « **Senyè a pase devan Moyiz, Li pale byen fò, Li di : « Senyè a, Senyè a se yon Bondye ki gen pitye pou moun, yon Bondye ki gen bon kè. Li pa fè kolè fasil, Li p'ap janm sispann renmen, L'ap toujou kenbe pawòl Li. ⁷L'ap kenbe pwomès Li pou tout tan jouk sou 1 000 jenerasyon, de pitit an pitit. L'ap toujou padonnen sa nou fè ki mal, sa nou te dwe fè nou pa fè, ak peche nou yo. Men, Li pa nan kase fèy kouvri sa. Lè yon moun fè yon peche, L'ap pini pitit li yo, pitit pitit li yo ak pitit pitit pitit li yo pou sa li fè a, jouk sou twazyèm ak katyèm jenerasyon** » (Egzòd 34.6–7). Bondye pa aji avèk nou jan nou ta merite l' pou mwal nou fè yo (Sòm 103.10). Men, annou sonje byen, mizèrikòd Bondye a pa anile jistis Bondye a ; Bib la fè nou konnen Li p'ap deklare koupab yo inosan.

Bagay Ki Absoli, Ki Pa Ka Negosye

Sosyete nou an vle fè nou konnen byen ak mal se bagay ki relatif, ki vle di nou pa ka kouri jije lòt yo paske nou tout gen dwa fè sa nou vle fè. Li enpòtan pou n' konprann byen, si pa gen fondasyon ki absoli, pa gen okenn moralite. Chak moun genyen yon lide nan tèt li sou sa ki bon ak sa ki pa bon. Si tout moun tonbe fè sèlman sa li wè ki bon pou li, san yo pa rann kont kòman sa va ye pou lòt yo, tout bagay nèt vire tèt anba.

Genyen moun ki tèlman adopte bagay relatif sa a, ta sanble yo pran pozisyon kont tout regleman nèt. Yo di pa gen yon grenn regleman ki bon, ki gen rezon. Poutan, menm moun sa yo genyen kèk règ y'ap swiv. Yo p'ap dakò pou yon moun annik leve al touye yon lòt moun ki inosan. Menmsi yo pa vle asepte prensip absoli, prèske tout moun genyen bagay yo konsidere kòm mal. Men kesyon an : « Kilès ki deside sa ki mal vre ? »

Souvan nou tandè moun ki di : « Si ou renmen l', fè l', depi ou pa deranje lòt moun. » Men fòk nou defini kilès ki deside sa ki deranje lòt moun ak sa ki inosan vre. Kilès ki deside kilès regleman nou va swiv pou sa ? Genyen moun ki di se sosyete a ki pou etabli prensip yo. Genyen moun ki di chak moun dwe etabli pwòp prensip pa li yo. Men, èske pa genyen yon seri absoli ki inivèsèl, ki vre tout tan epi tout kote ?

Ann retounen nan sa nou te aprann sou karaktè Bondye a. Se klè Bondye genyen otorite absoli epi Li kite yon seri regleman pou gouvènè lavi nou yo isiba. Genyen yon lòt bagay ankò ki klè : Bondye fè sa Li fè paske Li renmen nou, epi paske Li vle sa ki pi bon pou nou.

Donk, kòm Kreyen, li fasil pou n' konnen kibò fondasyon nou ye. Bondye fè yo parèt byen klè nan Bib la. Sa ki pa tèlman fasil, se pou n' konplètman onèt avèk tèt nou epi avèk Bondye. Se konsa, anpil fwa nou wè yon Kreyen ki pa vrèman asepte sa Senyè a di paske Pawòl la egzije l' pou l' fè sa ki kontrè ak volonte l' osinon kontrè ak sa sosyete a mande. Sa rèd lè nou wè lòt moun k'ap pase nou nan jwèt epi k'ap rayi nou paske nou kanpe sou tèl prensip. Nou pito moun renmen nou. Nou vle pou lòt yo asepte nou.

An reyalyte, fòk nou retounen nan afè de (2) wayòm yo. Wayòm yo pa sèlman diferan youn ak lòt, men yo opoze youn ak lòt. Konsa, sa lojik anpil pou n' di lide nou yo p'ap janm ka menm ak lide lemond.

Ann viv lavi nou yo annakò avèk prensip Bondye te kite pou nou yo. Li vo lapenn pou n' fè sa. Alafen, nou va resevwa kouwòn lavi a.

—Wonal Yodè
(n'ap kontinye ansèyman sa a nan yon pwochen edisyon)



« *Pou li ka toujou viv ak kè poze.* » Detewonòm 33.25

Entwodiksyon : Mari Monsen se te yon misyonè ki te sòti nan peyi Nòvèj. Li te travay nan peyi Chin sòti 1901 pou rive 1932. Se te touswit apre yon rebelyon nan peyi Chin ki te fèt nan lanne 1899–1900, kote yon gwoup moun te revolte kont chèf yo epi kont etranje nan peyi a. Pandan epòk sa a, moun yo te rive touye anpil Kreyen Chinwa ansanm ak anpil misyonè etranje nan peyi a.

Nan jou anvan mwen te rive nan peyi Chin, pèsèkasyon an te pran yon lòt vitès. Journal yo t'ap pale sou anpil ka kote nèg ak zam te fè Kreyen yo soufri anpil. Avèk tout sa mwen te gentan tandè, mwen te gentan konprann yon bagay byen : si ta genyen yon lòt manifestasyon ankò, Kreyen yo ki te gentan soufri deja kapab pèdi kouraj yo nèt. Apre yon tan, mwen te konsyan genyen yon posibilite mwen tapral oblije soufri tou. Se te tankou yon move rèv pou mwen. Mwen te lage m' nan lapriyè : « Senyè, retire apèl la mwen te santi pou travay la nan peyi sa a. Veye m' lakay mwen ankò. »

Yon jou swa mwen t'ap reve, epi m' te wè moun yo t'ap pèsèkite nou ankò. Nèg ak zam te tou pare pou yo vire sou nou menm etranje yo. Nan rèv la, mwen te wè y'ap fè bri. Yo t'ap piye kay la kote mwen te rete a. Mwen te vole leve nan kabann lan, epi m' te wè vizaj moun yo ki te debòde ak rayisab. Yo te vle fè san koule. Menm moman an, malgre bri dezòd la, mwen te tandè vwa gadyen misyon an. Nonm sa a te veye pòt la, epi li te anpeche bann lan antre. Li t'ap eseye negosye avèk yo. Gadyen an te bay yon lide, se yon sèl nan etranje yo ki pou tonbe nan men bann lan. Yo te dakò. Lè sa a, mwen te gentan mete rad sou mwen. Kòm se mwen menm sèl pami tout etranje yo ki pa t' ankò marye, mwen te byen konnen se mwen menm ki ta dwe tonbe nan men bandi yo. Mwen te rete ak yon fanmi alepòk epi mwen te fèmen yo tout nan yon chanm kote yo te an sekirite. Mwen te desann mach eskalye a, mwen te louvri pòt la, epi mwen te deklare : « Se mwen ki prale avèk nou. » Mwen te alèz ; mwen pa t' pè.

Nan mitan gwo bri, anpil men te lonje pran mwen. Yo te leve m' anlè epi yo te ale avè m'. Yo te pote m' kòm si mwen te sou yon chèz. Konsa, mwen te ka wè lwen paske mwen te anlè. Yo te mennen m' sòti nan vil la, epi yo t'ap mache anvè kote yo te

konn egzekite moun. Nan tèt yo, yo t'ap planifye yon bèl amizman avèk etranje sa a. La, nan mitan lari a, mwen te santi lapè epi lajwa an kantite. Se nan moman sa a je m' te vin klè. Rèv la te fini. Mwen te tandè mo sa yo : « ***Pou li ka toujou viv ak kè poze*** » (Detewonòm 33.25). Mwen te fè yon soupi. Mwen te kontan se te yon rèv ase. Men, rèv la te afekte m' anpil. Depi moman sa a, mwen te jwenn libète anba laperèz. Mwen pa t' pè mouri nan men yon bann mekan.

Liberasyon Gloriye

Yon mesaj te vin jwenn nou ki te fè nou konnen nan yon lòt misyon tapral genyen yon gwoup fanm ki reyini pou etidye Bib la ansanm. Misyonè yo t'ap tann depi lontan pou jou sa a rive. Èske mwen te kapab ale asiste yo ? Kondisyon yo nan lari a pa t' estab pandan kèk tan, men mwen te resevwa pèmasyon pou m' ale kanmenm : « ***Zanj Senyè a kanpe bò kote tout moun ki gen krentif pou Li, pou pwoteje yo. Li delivre yo lè yo nan danje*** » (Sòm 34.7).

Gadyen misyon an te sòti nan lari a pou li chache yon taksi (yon charyo) ki te kapab pote m'. Li pa t' jwenn. Li te wont pou di mwen konsa : « Lari a pa bon. Genyen bandi deyò, epi se konsa taksi yo p'ap fè wout ou vle fè a. » Gadyen an te konprann kijan mwen te dekouraje ak nouvèl la. Men li te pou mwen. Li te di : « Li ta pi bon si ou pa vwayaje pou kont ou. Mwen konseye ou tann toujou. »

Mwen te kontan fè wout la, epi koulye a wout la te bloke. Mwen te priye : « Senyè, si se volonte Ou pou m' ale, Ou kapab fè m' jwenn yon taksi. » Depi mwen te fin mete dosye a nan men Bondye konsa, mwen te santi repo nan nanm mwen.

Anvan inèdtan te fin pase, gadyen misyon an te retounen pou di m' konsa : « Genyen yon charyo k'ap monte nan wout ou vle fè a. Chofè a te kanpe pou mande si pa genyen moun k'ap monte. »

Mwen te reponn : « Wi, mwen prale avèk li. »

Gadyen an te gade m' byen gade. Konsa, mwen te fè li konnen kòman mwen te priye. Toupiti, mwen te tandè mesye di : « Wi. Kanmenm sa se repons lapriyè a. »

Vwayaj la te fèt san twoub. Gwo baryè vil la te gentan fèmen lè n' te rive devan li. Men, kòm moun yo nan vil la te konnen m' depi lontan, yo te kouri ouvri lè yo te wè se te mwen menm ki te nan charyo a.

Kontrè ak koutim yo nan peyi Chin, lòt medam yo te gentan rive anvan mwen.

Mwen te vin aprann poukisa. Kote yo tout te sòti, yo te gentan sibi anpil manifestasyon ak anpil atak nan men bandi yo. Nan lannwit, medam yo te oblije kache nan gwòt oubyen pami wòch yo. Yo te pase nwit blanch epi avèk anpil enkyetid. Konsa, lè yo te tande tapral genyen yon etid bibliik tèl kote, yo te kouri antre la a. Anpil fanm te deside asiste etid la. Andedan gwo miray vil la, yo te santi yo an sekirite. Yo te jwenn repo devan bandi yo.

Aprè anpil nwit kote yo te sou tansyon, medam yo te fatige nèt. Yo te dòmi de (2) sware ak tout yon jounen anvan nou te kapab resi kòmanse etid la. Se yon sèl nan yo ki te yon kwayan deja. Men, yo tout nèt te vle aprann, epi yo te swiv byen pandan mwen te rakonte pou yo Bòn Nouvèl Jezi Kris la.

Detwa jou aprè sa, pandan nou te nan etid bibliik la, nou te resevwa move nouvèl. Yon bann mechan te parèt sanzatan, epi yo te gentan antoure vil la. Sòlda yo ki te la pou defann vil la pa t' prezan paske yo t'ap mache dèyè yon lòt gwoup bandi. Vil la te tèt anba. Moun te annik pran lari ap kouri san bezwen, kòm si y'ap pi bon kay yon vwazen pase lakay yo.

Mwen p'ap janm bliye laperèz la ki te sezi medam yo lè nouvèl la te rive jwenn nou. Yo te tankou sourit ki gentan pran nan pèlen deja. Si yo te lakay, yo t'ap jwenn okazyon sove al kache nan bwa. Isi a nan vil la, sèl bagay yo te ka fè se lage kò yo atè tankou kadav. Nou te oblije pase pran yo tout grenn pa grenn atè a pou n' pote yo ale nan gwo sal rankont lan. Sal la te plen fanm. Kèk gason ki te konnen nou te parèt tou. Yo t'ap chache kote pou yo kache. Yo youn pa t' fè anyen serye. Se chita yo te chita san espwa. Yo te pare pou sa ki pi grav. Nan yon vil ki pa gen sòlda, bandi yo te lib pou antre fè sa yo vle. Lè yo te deside antre, kisa nou te ka fè ?

Rankont lan ki te fèt jou sa a te dire pandan senk (5) èdtan pou mwen menm. Pou lòt yo, se te tout lannwit nèt. Yo te tande istwa kote Bondye vivan an te pwoteje moun Li yo nan moman detrès. Yo te tande istwa Danyèl ak zanmi li yo. Yo te tande istwa Jeremi, istwa Jonas, ak anpil lòt moun ki te jwenn liberasyon. Pwomès Bondye yo te repete anpil nan sèvis la, jouk yo te angrave nan tèt patisipan yo. Alafen, se priye nou te priye. Malgre se te premye fwa a anpil nan moun yo te priye, yo te fè l' avèk tout kè yo. Yo t'ap esprime yo devan Bondye. Yo te gentan resevwa Pawòl la tankou timoun.

Nan mitan lannwit, mwen pa t' ka rete ankò. Mwen te kouche tou abiye. Dènye

YON MIRAY DIFE

bagay mwen sonje mwen te tandè moun yo t'ap di se te pasaj sa yo : « *Senyè a pale, Li fè konnen se Li menm k'ap tankou yon gwo miray dife k'ap fè wonn lavil la pou pwoteje l'* » (Zakari 2.5). « *Tankou solèy la ki leve chak maten konsa tou L'ap toujou kenbe pawòl Li* » (Lamantasyon 3.23). Epi ankò : « *Ou pa bezwen pè bagay k'ap fè moun pè lannwit...* » (Sòm 91.5). Apre sa, mwen te tonbe dòmi.

Demen maten lè bajou te kase, se bri medam yo ki te reveye m'. Yo tout te nan wout pou yo rive nan sal rankont lan. Yo tout t'ap pale ansanm. « Nou sove. Nou libere. Bondye pisan. Anyen pa difisil pou Li. Nou pa tandè menm yon sèl kout zam yè swa. Koulye a bandi yo ap mete deyò. »

Gason yo te deja al monte anlè sou miray la pou wè si se te vre, si bandi yo t'ap pati vre. Yo te retounen, epi yo te di konsa : « Pèsonn pa ka di poukisa bandi yo t'al kite vil la san yo pa menm tire yon grenn bal. Kanmenm espyon yo te fè yo konnen sòlda nou yo pa t' la. Sèl bagay, nou te remake te genyen tras kawoutchou sou lòtbò lavil la. Sanble se te de (2) kanno sou chawa ki te genyen lòtbò a... »

—Mari Monsen

Convention Herald (Konvansyon Ewòl la)
The Gospel for Youth (Levanjil la pou Jenn yo)



**« Zanj Senyè a kanpe bò kote
tout moun ki gen krentif pou Li,
pou pwoteje yo. Li delivre yo
lè yo nan danje » (Sòm 34.7).**

SEKSYON PARAN



Disip Jezi Kris

Rankin e Padon

Leson 9a

ENTWODIKSYON

Nou viv nan yon monn kote moun sibi anpil chòk. Moun pran kou nan maryaj, yo pran kou pandan yo timoun piti, yo sibi chòk nan travay, nan lekòl e nan legliz. Si nou te kapab wè nanm moun ak je nou yo, san dout nou ta wè mak sou tout moun kote kou sa yo te blese yo. Nan lavi sa a, se enposib pou nou viv san nou pa sibi tò pafwa.

Tout moun pa reyaji devan ofans sa yo oubyen blesi sa yo menm jan an. Genyen moun ki pa wè ofans yo pou anyen, epi yo bliye yo fasilman. Genyen lòt moun ki kite

blesi yo sipire pandan plizyè lane. Se kòm si yo genyen maleng sou tout kò yo e yo rele « wouy » chak fwa yon moun touche avèk yo. Lòt moun ankò seye kache jan kè yo fè yo mal. Yo pran pòz tou geri, ensansib. Lapenn yo antere si byen yo prèske pa santi li ankò. Alò, lapenn kache sa a genyen efè sou moun lan kanmenm. Se pwoteje y'ap pwoteje blesi a nan atitid yo e nan aksyon yo petèt san yo pa menm rann kont.

Nan leson sa a, nou p'ap senpleman egzaminen lapenn, men nou vle wè yon fason pou nou jwenn gerizon pou doulè nou yo. Bib la pa rete an silans sou kesyon sa a. Fòk nou fè bon atansyon, paske si nou pa aji dwatman avèk blesi a, li pral tounen rankin. Epi rankin se tankou yon kansè ki manje yon moun nèt.

REFLEKSYON PÈSONÈL

1. Èske ou te janm fache nèt avèk tèl moun oubyen sou tèl sityasyon nan lavi ou ? Kisa ou te fè sou sa ?
2. Èske ou toujou ap repase sou kèk bagay ki te fè ou mal nan tan pase ?
3. Èske ou toujou gen tandans diskite ak kèk moun andedan panse ou; sa vle di ou ap repase sou ansyen agiman yo nan lespri ou, epi ou ap fè nouvo agiman (tout nan panse ou) ? Nan diskisyon sa yo ki fèt nan lespri ou, kilès ki konn genyen ?
4. Èske ou te janm gen yon moun ou te santi ou pa t' ka padonnen ? Èske ou te vin padonnen l' oubyen èske bagay la toujou ba ou pwoblèm ?
5. Kisa sa siyifi pou ou padonnen yon moun ?
6. Ki bagay itil ou gentan aprann ki ede ou padonnen moun ?

PREZANTASYON EKRITI A

Si nou ankòlè, veye kò nou pou kòlè a pa fè nou fè sa ki mal. Pa al dòmi ak kòlè nan kè nou. ²⁷Pa bay Satan pye sou nou. . . . ³⁰Pa fè Sentespri Bondye a lapenn, paske Lespri a se mak letanp Bondye sou nou, Li ban nou garanti Bondye ap fin delivre nou lè jou a va rive. ³¹Pinga yo jwenn nan mitan nou moun ki kenbe lòt nan kè yo, moun ki gen san wo, moun ki renmen fè kòlè. Pinga yo tande woywoy ak joure nan mitan nou. Nou pa fèt pou gen okenn lòt kalite mechanste k'ap fèt nan mitan nou. ³²Okontrè, se pou nou aji byen youn ak lòt, se pou nou gen bon kè youn pou lòt, pou nou youn padonnen lòt, menm jan Bondye te padonnen nou nan Kris la (Efezyen 4.26–27, 30–32).

Chache viv ak kè poze ak tout moun. Mennen yon lavi apa pou Bondye. Si se pa sa, pa gen moun k'ap wè Senyè a. ¹⁵Pa kite pèsonn vire do bay favè

Bondye a. Pa kite pèsoun tounen tankou yon plant anmè k'ap pouse rasin k'ap anpwazonnen lòt yo (Ebre 12.14–15).

Jezi di disip Li yo : « Ap toujou gen bagay k'ap fèt ki pou fè moun fè peche. Men, malè pou moun ki lakòz bagay sa yo rive. ²Li ta pi bon pou li si yo ta mare yon gwo wòl moulen nan kou l' epi yo voye l' jete nan lanmè. Wi, sa ta pi bon pou li pase pou l' ta lakòz youn nan ti piti sa yo tonbe nan peche. ³Veye kò nou byen. Si frè ou tonbe nan peche, rale zòrèy li. Si l' chanje konpòtman li, padonnen li. ⁴Si nan yon sèl jounen an li peche sèt (7) fwa kont ou, si toulesèt fwa yo, li tounen vin jwenn ou pou l' di ou : « Mwen p'ap fè sa ankò, » se pou ou padonnen li. » ⁵Apòt yo di Jezi : « Fè nou gen plis konfyans non » (Lik 17.1–5).

Lè sa a, Pyè pwoche bò kote Jezi, li di l' konsa : « Mèt, konbyen fwa pou m' padonnen frè m' lè li fè m' yon bagay mal ? Sèt (7) fwa konsa ? » ²²Jezi reponn li : « Non, Pyè. Mwen pa di ou padonnen l' sèt (7) fwa, men padonnen l' swasantdis (70) fwa sèt (7) fwa » (Matye 18.21–22).

Si nou padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou ki nan syèl la va padonnen nou tou. ¹⁵Men, si nou pa padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou p'ap padonnen peche nou nonplis (Matye 6.14–15).

KONPRANN LEKRITI YO

OBSÈVASYON #1 : Kòlè se yon emosyon ki danjere.

Kòlè se tankou nenpòt lòt emosyon. Sa vle di li monte nan nou tankou yon repons emosyonèl selon tèl sityasyon. Menm jan ak lòt emosyon yo, nou fè kòlè san nou pa t' gen lide fè l'. Nou pa pran desizyon pou nou tris, ni kontan, ni senpatik, ni ankòlè. Bagay sa yo se emosyon yo ye pito. Yo vini san nou pa rann kont. E yo afekte nou selon sityasyon ki prezante devan nou. Donk, nou kapab di emosyon sa yo envolonètè, men sa pa vle di nou pa genyen kontwòl sou yo. Nou genyen kontwòl. Men yon egzanp: Nou ka fache pou tèl sityasyon jis pou nou chanje koulè, jis pou kòn ap pouse nan tèt nou. Nan moman sa a telefòn nan sonnen. La menm nou pran telefòn lan epi nou reponn, nou bay yon bèl bonjou dous kou sik kòm si nou te fèk ap medite sou Sòm 23. Donk, nou kapab kontwòle emosyon nou yo. Nou pa sèlman kapab kontwòle emosyon sa yo, men nou reskonsab pou nou kontwòle yo, espesyalman nan fason yo fè nou aji.

Konsa, Efezyen ban nou kòmandman an ki di « pa fè sa ki mal » lè nou fache. Se
(Kontinye nan paj 20)

ZANJ GABRIYÈL VIZITE MARI

Yon Sovè Pral Fèt

Kisa ki pi fatigan pase yon nwit fènwa kote ou pa kapab dòmi ? Si ou pa santi ou twò byen, nwit la vin pi long. Finalman ou wè premye reyon solèy la. Zwazo yo kòmanse chante epi tout bagay vin bèl.

Eta monn lan anvan Jezi te vini te tankou yon nwit fènwa ki te long anpil. Pwofèt Izrayèl yo te ekri sou kijan pèp la t'ap mache nan fènwa. Bèl limyè Pitit Bondye a te gen pou klere fènwa monn lan ki te plen peche.

Pandan lontan, pèsonn pa t' konnen egzakteman kilè ak ki kote Sovè a tapral fèt. Èv, premye manman an, te espere pitit gason li a te kapab jwe wòl Sovè a. Moyiz te di Bondye tapral voye nan mitan pèp la yon pwofèt tankou li menm. Kèk lanne apre sa, Ezayi te pwofetize yon vyèj tapral fè yon pitit gason. Kèk tan apre sa toujou, pwofèt Miche te devwale nan ki vil Sovè a tapral fèt.

Malgre sa, anyen pa t' rive. Pandan anpil lanne t'ap pase, moun yo te kòmanse bliye pwofesi yo. Pa t' gen okenn mesaj ki te sòti nan syèl la pandan 400 lanne konsa.

Men Bondye te konnen egzakteman kilè pou Li akonpli tout pwofesi yo. Li te voye zanj Gabriyèl sou tè a ak yon mesaj pou yon jenn fi ki te vyèj. Fi sa a te rele Mari.

Gabriyèl te konnen vil la, kay la, epi menm chanm lan kote pou l' jwenn Mari. Li te antre nan chanm lan epi li te di : « Bonjou, Mari. Ou jwenn yon gwo favè. Senyè a avèk ou. »

Mari te pè lè li te wè vizitè sa a ki te sòti nan syèl la. Men Gabriyèl te kontinye : « Pa pè, Mari. Ou pral gen yon pitit gason. L'ap trè espesyal. Yo va rele Li Pitit Bondye ki anwo nan syèl la, epi wayòm Li va la pou tout tan. »

« Kòman yon bagay konsa kapab rive mwen ? » Mari te mande ak etònman. « Mwen poko menm marye. »

Gabriyèl te reponn : « Sentespri a pral vini sou ou epi pisans Bondye pral rete sou ou. Se poutèt sa, pitit ou a se Pitit Bondye L'ap ye menm. Anyen pa twò difisil pou Bondye. »

Mari te di tou dousman : « Mwen pa fin konprann, men mwen se sèvant Bondye. Mwen prèt pou mwen fè nenpòt sa Li di mwen fè. »

Lik 1.26–38



Zanj Gabriyèl fè Mari konnen li pral fè yon pitit gason.

Men li : Jenn tifi ki ansent lan pral fè yon pitit gason, l'a rele 1i Emannwèl.
(Ezayi 7.14)

1. Kiyès ki te voye zanj lan bò kote Mari ?
2. Èske Mari te pè lè li te wè zanj lan ?
3. Kijan yo te vin rele pitit Mari a ?

Itilize avèk pèmisyon :
Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio
Atik sa a sòti nan : 101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La © 1994

nou ki reskonsab pou sa nou fè ak kòlè nou. Nou panse kwochi lè nou mete nan tèt nou se sa lòt moun fè nou ki fòse nou fè peche. Lòt moun lan te mèt antò. Epi nou te mèt fache avè l'. Men, si nou avanse pi lwen epi nou fè peche, se nou menm ki reskonsab peche a. Nan kòlè nou, pa fè sa ki mal !

Kòmandman « pa fè sa ki mal » la vini imedyatman aprè yon deklarasyon sou kòlè. Konsa nou ka konprann ke depi yon moun ankòlè, li pa lwen fè peche. Peche nan papòt la. Konsa nou dwe pran plis prekosyon avèk emosyon sa a, paske li tankou yon frè pou peche. Pran yon moman pou imajine konbyen peche ki fèt sou tè sa a pandan moun ankòlè. Se anpil ! E nan pwòp lavi pa nou yo nou tout ka wè ki jan kòlè se yon chemen glise ki mennen nou dwat nan peche.

Kòlè k'ap plede boule nan kè a pou konbyen tan pral pote destriksyon. Li detwi panse. Li detwi karaktè. Li detwi lespri a. Epi kòlè detwi kò a tou.

OBSÈVASYON #2 : Kreyen an oblije kontwòlè kòlè li.

Nou deja pale sou sa yon ti kras, men nou vle gade li pi lwen paske anpil moun pa byen konprann prensip sa a. Sikològ modèn yo, lè yo wè jan kòlè toujou gate bagay yo, yo sijere ke lè ou ankòlè se pou ou chwazi fè yon bagay ki pa vyolan. Yo di: « Pa kenbe kòlè andedan ou. Ni pa tonbe kraz brize nonplis. Okontrè, pito ou sòti deyò epi ou al kouri yon kilomèt konsa, oubyen antre nan chanm ou epi vide baton sou youn nan zòrye ou yo. » Sikològ yo di, lè ou fin dechaje kòlè ou konsa, ou ka ajì yon fason pozitif pou chache solisyon pwoblèm nan pito.

Men « solisyon » sa a se pa yon renmèd li ye tout bon, paske dechaje kòlè ou konsa konn ranfòse tandans ou genyen pou fè kòlè. Li ka ouvri pòt la pou ou toujou fè kòlè fasil. Bib la di, « *Pito ou ajì ak pasyans pase pou ou fè fòs sou moun. Pito ou konn kontwòlè tèt ou pase pou ou gwo chèf lame k'ap mache pran lavil* » (Pwovèb 16.32). Se saj pou kontwòlè kòlè. Se pa saj pou dechaje kòlè oubyen pou kite li kontwòlè aksyon ou yo. Nan vèsè Efezyen yo, li egzije nou pou nou mete kòlè sou kote. Se byen klè, sa siyifi nou genyen reskonsabilite. Anvan nou etidye kòman pou nou kontwòlè kòlè, nou bezwen etidye emosyon sa a pi pre.

OBSÈVASYON #3 : Lè yon moun kenbe kòlè nan kè li pou anpil tan, li fè plis dega.

« Pa al dòmi ak kòlè nan kè nou. Pa bay Satan pye sou nou. » Nou ka konprann

si nou gade kòlè nan kè nou depi nan yon jou ale nan yon lòt jou, nou bay dyab la pye nan lavi nou. Men poukisa ? Kòlè nou gade nan kè nou a tounen rankin, e gen yon bann peche ki branche ak rankin ki fè dyab la anpil plezi—malveyans, kenbe moun nan kè, vye lide mechan, mefyans, kout lang, tripotay, plenyen, mete blam sou lòt moun, epi twòp pitye pou pwòp tèt ou. Gen lè pa genyen okenn atitid ki fè plis dega pase rankin. Li anpwazonnen kè a pou l' pa ka kontan. Li kondane lespri a pou l' plede repase sou menm lide dwòl yo san pran souf. « **Men si li dekouraje, ki moun ki ka remonte kouraj li ?** » (Pwovèb 18:14). Si kòlè yon moun kenbe nan kè li depi nan yon jou ale nan yon lòt fè anpil dega, konbyen li danjere si l' kenbe kòlè sa depi nan yon lane ale nan yon lòt lane, e konbyen plis toujou, si l' kenbe kòlè sa depi nan yon jenerasyon ale nan yon lòt jenerasyon? Pa al dòmi avèk kòlè nan kè ou!

Depi yon moun gade rankin nan kè li diran plizyè lane, dyab la fè anpil domaj nan lavi moun sa a. Epi dyab la fè yon pi bèl kou lè li fè yon manman ak yon papa leve pitit yo ak menm rankin lan nan kè yo tou. Se gras Bondye sèlman ki kapab kase chenn peche sa a.

Kesyon pou Etidye :

1. Site tout kòmandman yo ki konsènan kòlè nan vèsè sa yo.
2. Kisa sa vle di « Si nou ankòlè » ? Èske nou sipoze ankòlè ? Èske nou pral ankòlè ? Èske nou dwe ankòlè ?
3. Fè lis tout bagay li di ki pa dwe nan mitan nou (vèsè 31).
4. Daprè pasaj la, sou ki baz nou dwe padonnen youn lòt ?
5. Kòlè se yon emosyon epi li envolontè. Kijan ?
6. Esplike nan ki sans nou gen kontwòl sou kòlè, malgre li envolontè ?
7. Kòman nou tante pou n' pa bay kòlè nou okenn kontwòl ?
8. Esplike kòman « pa fè sa ki mal » fè nou konprann kòlè se yon emosyon ki danjere ?
9. Ki bagay ki konn fè nou fache ?
10. Esplike kèk kalite kòlè ki diferan. Esplike fason yo chak ?
11. Kòman sikològ modèn yo ankouraje moun trete kòlè yo ? Kisa yo sijere? Ki baz yo genyen pou rezonman yo ? Kisa ki pa dwat avèk sijesyon sa yo ?
12. Jwenn kantite vèsè ou kapab ki ankouraje nou kontwole kòlè nou. Kisa ou aprann nan vèsè sa yo sou kòlè ? Ki diferans ki genyen ant kontwole kòlè e kòlè kontwole nou ?

13. Poukisa kòlè moun gade nan kè yo tèlman danjere ?
14. Kisa Bib la di nou fè pou nou evite sa ?
15. Ki peche ki mache avèk rankin ?
16. Ki efè rankin genyen nan lavi nou ?
17. Kisa sa vle di lè nou di yon moun pote kòlè li plis ke yon jou ?
18. Ki atitid dyab la annegad kenbe kòlè ? Ki atitid Sentespri annegad kòlè ?
19. Batèlmi, yon Apòt ki te Apa pou Bondye—Lanne 70

(liv sa a va kontinye nan pwochèn edisyon an)

—John Coblenz

Itilize avèk pèmasyon : Christian Light Publications, Inc
Harrisonburg, VA Ozetazini
Tout dwa rezève



Aktivite Timoun

REPONS

1. c Pwofesè a mande ou vini lekòl ak plizyè kalite wòch.
2. f Papa ou ba ou twa (3) travay pou ou fè, youn apre lòt.
3. e Zanmi ou ba ou nimewo telefòn li.
4. a Manman ou ba ou yon lis kat (4) bagay pou w' al achte.
5. h Pandan ou prale lakay, yon vwazen ba ou yon lèt pou paran ou.
6. g Monitris lekòl dimanch lan mande ou memorize plizyè pasaj nan Bib la.
7. b Manman ou mande ou kache kle kay la yon bon kote.
8. d Yo konfye ou pote yon galon lèt bay yon kay ou poko konnen byen.
Papa ou esplike ou kote kay la ye.

ISTWA MATI YO

MAK, OTÈ LIV LEVANJEL MAK LA – Ane 64

Pifò moun dakò Mak ki te ekri liv levanjil Mak la, se menm moun lan yo rele Jan Mak kèk lòt kote nan Bib la. Li te fè pati moun ki te sikonsi yo (Jwif yo). Banabas se te tonton l', epi manman l' se te Mari, yon fanm ki te sèvi Bondye epi ki te ouvri kay li pou resevwa rankont kretyen yo (Travay 12.12 ; Kolosyen 4.10).

Legliz la te chwazi Mak pou l' mache ak Pòl ak Banabas pou li bay yo kout men nan vwayaj misyonè yo. Malerezman, pandan yo te nan wout pou rive Panfli, Mak te kite yo pou li retounen Jerizalèm (Travay 12.25 ; 13.13).

Pi devan, Pòl te pale byen pou Mak pandan li te voye l' ede legliz Kolòs la. Pòl te mande moun Kolòs yo pou yo resevwa Mak byen lè li rive pou travay pou Bondye nan mitan yo. Apre sa ankò, Pòl te mande Timote pou li mennen Mak ansanm avè l' pou vin travay avè l'. Selon Pòl, Mak tapral itil li anpil nan ministè li t'ap fè a (Kolosyen 4.10 ; 2 Timote 4.11).

Mak te nan prizon ansanm avèk Pòl epi te bay li bon kout men lè sa a (Filemon 1.23–24).

Apòt Pyè te ekri yon lèt pou Kretyen yo ki te gaye toupatou. Nan lèt sa a, Pyè te rele Mak pitit li (1 Pyè 5.13). Genyen de (2) rezon pou sa. Dabò se paske Kris te transfòme lavi Mak, epi se te anba direksyon Apòt Pyè transfòmasyon an te fèt. Yon lòt rezon se paske Mak se te yon disip Pyè, li te tradwi pou li, epi li te chita pou li ekri Bòn Nouvèl Pyè te toujou ap rakonte a—ki se Liv Levanjil Mak la. Men sa Jewòm di sou Mak : « Mak, yon elèv Pyè, te ekri yon ti kout liv Levanjil selon tout sa Pyè te toujou konn di li. Mak te ekri l' paske frè yo nan lavil Wòm te mande l' fè sa. Lè Pyè te gade sa Mak te gentan ekri, li te apwouve li. Se Pyè menm ki te prezante liv la bay legliz la. »

Apre tou sa, Pyè te voye Mak nan peyi Lejip. Li te pase nan lavil Akileya ki te kapital peyi Fiyòl. La a, anpil moun te konvèti poutèt travay Mak t'ap fè a. Mak te kite yon mesye ki te rele Èmagoras pou l' sèvi kòm pastè legliz la.

Apre sa, Mak te rive ann Afrik. Li te gaye Bòn Nouvèl Jezi Kris la nan peyi Libi, peyi Mamorika, peyi Amonika, ak nan peyi Pentapolis. Alafen, li te etabli l' nan lavil Aleksanndriya kote li te pase plizyè ane.

Konsènan lanmò Mak, se Jelasiyis ki fè nou konnen Mak te mouri kòm yon mati. Jelasiyis ekri pou fè nou konnen Mak te rive nan peyi Lejip kote Pyè te voye li. Ak fidelite, Mak te preche Pawòl Verite a nan peyi a. Li te siyen temwayaj li a avèk san pa l'. Tout liv yo, ni grèk, ni laten, ki pale sou moun ki te mouri poutèt non Kris la, yo tout dakò Mak te mouri poutèt Bòn Nouvèl la.

Men sa liv istorik yo di se kijan Mak te mouri : Nan wityèm ane rèy Newon, Mak te preche sou soufrans ak lanmò Kris nan okazyon Fèt Delivrans lan nan legliz la ki te lavil Aleksandriya. Apre sa, prèt payen yo, ansanm ak popilasyon an, te mete men sou li. Avèk zen fèt an fè mare nan kòd, yo te pike kò Mak epi te mare l'. Yo te sòti nan legliz la avè l'. Yo te trennen kò li nan lari a pou yo sòti deyò vil la. Vyann kò li t'ap tonbe sou wout la, epi san li t'ap vide atè jouk li te di dènye mo li yo. Menm jan ak Sovè nou an, Mak te pale pou li remèt lespri li nan men Papa l', epi apre sa li te mouri.

Yon lòt ansyen dokiman bay istwa a konsa : Yo te trennen kò li nan lari kòm si li pa t' yon moun. Tout kò l' te dechire. Pa t' genyen yon kote nan kò li ki pa t' senyen. Se lè sa a, vivan toujou, yo te jete l' nan yon prizon. Pandan lannwit, li te rebran fòs nan Senyè a. Nan demen maten, yo te sòti avè l' ankò. Yo te trennen li nan yon plas yo rele Boutchouli. Yo t'ap bay blag konsa : « Ann mennen bèf la ale nan mache a non. »


Mak te mouri pandan yo te nan wout. Foul la te gen nan tèt yo pou yo boule kò a, men yon move tan te anpeche



yo limen dife a. Kreyen yo te antere l' pito. Selon pifò nan ansyen ekriti yo, sa te fèt nan wityèm ane rèy Newon an, ki vle di lane 64. Dat la se te 21 Avril.

Istwa sa a sòti nan yon liv ki rele *Martyr's Mirror* (*Glas Mati yo*).

SEKSYON JENN



CHEMEN LI TE CHWAZI A

Entwodiksyon

Istwa sa a baze sou lavi yon moun ki te soufri anpil poutèt chemen li te chwazi a. Tantasyon yo ki te parèt devan Sara pa diferan avèk tantasyon yo ki va parèt devan ou lè ou devan gwo desizyon konsekan ki va afekte demen. Desizyon ou pran yo va afekte letènite ou tou. Istwa sa a, se istwa yon ti fi, men li te ka yon ti gason tou paske fi ak gason tout anfas menm traka yo ak menm desizyon yo.

Moun oblije fè yon seri gwo desizyon pandan yo poko janm byen prepare pou fè desizyon sa yo. Kanmenm, Bondye gentan ba ou tou sa ou bezwen. Li vle kondwi ou nan yon lavi ansanm avèk Li pou koulye a, epi pou yon letènite ki debòde ak rekonpans. Li ba ou Pawòl Li. Li ba ou gras. Genyen benediksyon espesyal pou jenn yo ki genyen paran ki Kreyen epi ki fè pati yon legliz k'ap anseye Bib la.

Nan kòmansman istwa sa a, paran Sara yo, ansanm ak legliz kote yo te mache a, pa t'

reyalize kèk nan danje espiyèl yo ki tapral anfas jenn yo pi devan. Poutèt sa, yo te neglije bay bon lidèchip fèm ki te kapab libere Sara anba yon seri move pa li tapral fè pi devan. Moun yo pa t' kondwi aktivite jenn yo avèk sajès. Lè yo te vin reyalize yo te kite jenn yo pran tèt yo sou yon seri kesyon, se te twò ta. Men, si Sara te koute bon levasyon yo te bay li a, li te ka evite yon pakèt soufrans.

Chè jenn, tande avètisman yo ki nan istwa sa a. Chè paran, sezi responsabilite ou genyen pou bay pitit ou yo direksyon ki saj epi ki bibliik. Sa va itil yo pandan yo anfas yon seri desizyon ki va afekte lavi yo. Chè lidè legliz, ou nan yon bon pozisyon pou ou oryante jenn yo ak paran yo. Dirije yo yon fason pou yo ka pran bon desizyon ki va mennen yo nan kontantman koulye a epi pou letènite.

Chè jenn, alafen, se ou menm ki pral fè yon seri chwa. Ou pral chwazi yon chemen, men rezilta desizyon ou yo pa nan men ou. Se Bondye toupisan an ki kondwi rezilta yo. Chwazi sa ki bon pou lavi ou demen, epi sa ki bon pou sila yo ki antoure ou—ni pou lavi sa a, ni pou letènite.

—David Mas

Bay Yon Timoun Prensip

Chapit 1a

Se te yon bèl sware agreyab pandan mwa gran vakans yo. Peyi a se te Etazini, epi zòn lan se te Vijini. Jèmantawn se te yon ti bouk ki te sitiye nan yon fon. Sou bò sid ti fon an, ou ta jwenn bitasyon yon fanmi ki te rele Yodè. Apre fèm sa a, pa t' genyen twò anpil kay ankò nan fon an. Yon wout te travèse tout fon an ki te toujou byen fèt. Wout la te kontinye pou anviwon trèz (13) kilomèt konsa anvan li te rive nan bout li. Si fon an te mezire trèz (13) kilomèt longè, lajè a te mwatye sa.

Anviwon kenz (15) fanmi te viv nan fon an. Alepòk, nan kòmansman ventyèm syèk la (lanne 1900 yo), fanmi sa yo pa t' prèske genyen kontak avèk moun lòt kote. Konsa tou, pa t' fasil genyen moun lòt kote ki te pase kote yo te ye a. Yo te izole nan yon ti kwen peyi a.

Abitan yo nan fon an prèske pa t' konnen sa ki t'ap pase andeyò ti kominote pa yo a, paske se nan mòn yo t'ap viv. Si yon moun te kite zòn lan, pi souvan se te kèk nan gason yo ki te al regle yon bagay. Se te ra, men pafwa tou, yon fanmi te deplase al vizite kèk fanmi lwen osinon kèk zanmi. Alepòk, sa pa t' fasil pou vwayaje. Wout yo te malouk. Manman yo te prefere rete lakay ak timoun yo pase pou yo sòti.

Nan epòk sa a, legliz Mennonit lan te genyen yon enfliyans pozitif sou moun yo nan ti fon an. Nan fen diznevyèm syèk la, yo te kòmanse fè yon seri konferans konsa pou ede asanble yo rete branche youn ak lòt. Yo t'ap chache fè legliz Mennonit la nan Lamerik Dinò rete sou menm ray la. Te genyen kèk pastè ki t'ap mache preche. Egzanp se te Jan S. Kòfmann (ki te mouri nan 1899) epi Jan Fònk. Yo te enfliyanse legliz yo anpil. Malgre te genyen revèy esprityèl ki t'ap fèt, te genyen anpil chanjman ki te antre nan legliz yo alepòk tou, epi genyen pami chanjman sa yo ki pa t' bon.

Jan ak Mari Yodè te manm nan legliz Mennonit la ki te sitiye nan Jèmanntawn, Vijini. Asanble sa a se te youn pami asanble yo ki te genyen revèy esprityèl alepòk. Malgre sa, yo pa t' resevwa lidèchip ase pou yo te ka bay manm yo sekirite esprityèl.

Kè Jan ak kè Mari te debòde avèk lwanj yon jou apre midi nan mwad Out 1901. Bondye te gentan vide benediksyon sou ti tè pa yo a. Fwaye a te debòde avèk renmen epi avèk lapè. Prèske de (2) ane te gentan pase depi yo te kanpe ak kè kontan pou yo marye. Koulye a, tas yo a te debòde ankò, menm jan sa te ye nan jou maryaj la. Se te jou sa a, 5 Out 1901, premye pitit fi yo a te pran nesans. Yo t'ap tann jou a lontan. Kè yo te kontan, men yo te byen konprann ki gran responsabilite ki te devan yo koulye a. Bondye te gentan konfye yo yon nanm tou inosan pou yo jere pou Li.

Sara te bèl. Li te anfòm. Ti figi li te tou won. Pa genyen mo pou di kijan Mari te nan lajwa premye fwa li te kenbe pitit fi li a epi te gade bèl ti vizaj tou inosan li a. Jan te rete ap gade yo toude, manman ak pitit, avèk anpil rekonesans nan kè li. Yo toude se te kado yo te ye pou li. Se te responsabilite pa li pou li bay yo swen, pou li pwoteje yo, pou li fè pwovizyon pou yo—ni materyèl, ni esprityèl. Li te santi chaj nouvo responsabilite sa a.

Jou swa sa a, lè tout bagay te poze byen kalm lakay li, Jan te pran Bib li a. Se te abitud li chak apre midi lè konsa. Apre yo te li yon pòsyon nan Bib la, yo te priye ansanm kòm mari ak madanm. Nan rekèt yo te ofri yo, yo te mande Bondye pou Li vide benediksyon sou ti Sara.

Jou yo te pase, epi Sara te vin pi dou epi pi espesyal pou paran li. Li te yon timoun ki te toujou kontan. Lontan anvan li te konn pale, je l' yo te kominike kontantman. Anvan Sara te selebre dezyèm fèt nesans li a, li te resevwa yon nouvo ti sè. Apre detwa ane ankò, li te vin genyen yon ti frè tou.

Sara te koute byen pandan manman l' t'ap esplike l' kòman li dwe kenbe tibebe a. « Ou prèske genyen senkan koulye a. Ou kapab ede m' anpil. Sonje lè ou kenbe yon tibebe konsa, fòk ou kenbe li byen. » Mari t'ap esplike Sara kòman li dwe kenbe tèt timoun lan ak anpil atansyon. « M'ap bezwen anpil kout men koulye a, pa sèlman

ak pitit la. M'ap bezwen èd nan lave veso epi netwaye kay la tou. »

Sara te reponn ak kè kontan pandan li te anbrase pitit la : « M' vle ede, Manman. Lora deja genyen twazan. Mwen kontan nou genyen yon tibebe ankò. Kijan li rele ? » Sara t'ap pase dwèt li sou ti men bebe a. Konsa, ti bebe a te kenbe dwèt Sara epi sa te fè Sara souri.

« Mwen menm ak papa ou te deside rele li Jak. Ou renmen non sa ? » Manman Sara te souri pandan li te poze kesyon an.

Sara te touche men pitit la ankò pandan li reponn : « O, wi ! M' renmen l'. »

Sara te vire gade ti bebe a : « Jak ! Jak ! » Li t'ap chante non ti frè li a. Tibebe a te ouvri yon je.

« Manman ! Gade Jak ! » Sara te anvi fè bri. « Lora ! Vin gade ! Jak ap reveye. »

Tifi a te avanse touswit. Pa t' genyen okenn siy jalouzi nan kay la poutèt nouvo manm lan ki te apenn antre nan kay la. Se te lajwa toupatou. Timoun yo te konnen byen paran yo te renmen yo tout egalman.

Fen ane a t'ap pwoche. Sezon lotòn te toujou fè zòn lan byen bèl. Patiraj yo ak jaden moun yo te rete yon bèl koulè vè. Sepandan, pyebwa yo ki te kouvri mòn yo te transfòme nan tout kalite koulè wouj ak oranj.

Je Sara te demontre kontantman lè li te tande manman l' di konsa : « Sara, demen se va premye jou lekòl la pou ou. Men de (2) kreyon ansanm ak yon kaye. Pwofèsè a va ba ou liv ou yo. Fèt atansyon pou ou pran swen bagay sa yo. Koute sa pwofèsè a di ou byen, konsa pou ou aprann tout leson ou yo. »

Sara pa t' genyen menm kontantman an nan demen maten lè li te leve. Li mande manman l' : « Èske Lora pa ta kapab ale avè m' jodi a ase ? Demen m' prale pou kont mwen. » Je Sara yo t'ap gade manman l'. Yo te klere. Mari t'ap gade bèl ti vizaj pitit fi li a. Li te won epi li te woz. Cheve tifi a te rive jouk nan senti l'. Mari te souke tèt li pou di non. Souri Sara a te disparèt pou yon moman pandan li mande : « Fòk mwen ale pou kont mwen ? »

Mari di : « Lora pa genyen laj pou li ale lekòl, Sara. Timoun ki pa genyen sizan pa kapab elèv lekòl. Donk, pran kouraj. Fè sa pou manman ou ak papa ou. Sonje tout bagay papa ou te di ou yè swa pandan nou t'ap pale sou premye jou lekòl la. »

Pandan li t'ap koute, limyè a te retounen sou vizaj li ankò. Se lide ale pou kont li a ki te yon ti jan twouble li. Men, manman l' ak papa l' pa t'ap lwen, epi talè konsa li t'ap rive lakay li ankò. Sara pa t' ankò konnen kilès ki t'ap pwofèsè li, men vizaj

manman l' te ede l' rete kalm kanmenm.

Mari te di konsa : « Tout bagay ap sòti byen. Si se pa t' sa, nou pa t' ap voye ou. »

Sara te di : « Mari ap la, pa vre ? Epi Ana ansanm ak Sizi, epi Jòdani ? »

Manman l' te reponn : « Wi. Yo tout ap la, ansanm ak anpil lòt ankò. Ou va konnen pifò nan timoun yo paske yo mache nan legliz nou an. Men sonje byen, ou p'ap prale lekòl pou jwe. Pi souvan, n'ap sou travay ak etid. Se sèlman pandan rekreyasyon pou n' pale epi jwe. »

Mari te kontinye : « Mwen konnen w'ap renmen lekòl la si ou swiv pwofesè a epi si ou jwe byen ak lòt timoun yo. Sonje byen, Sara, ou pa dwe pale pandan klas la ap travay...pa menm yon ti pawòl piti ak moun ki bò kote ou a. Menmsi yo pale avèk ou, ou pa dwe reponn. »

Sara te rete byen serye : « Wi. »

Kou lè a te rive, Sara te kouri al kanpe bò lari a. Nan yon men li te kenbe yon sak manje manman l' te pare pou li a. Nan lòt men an li te kenbe kreyon tou nèf avèk kaye. Li te mete yon bèl wòb ble sou li. Manman l' te repase pou li yè pandan li t'ap jwe avèk Jak.

Sara t'ap reflechi pandan li t'ap tann. Li voye je l' gade kay la. Koulye a se Lora k'ap oblije ede manman m'. Manman l' ak Lora te anba galeri a. Yo t'ap gade pandan cheval Mesye Milè yo te parèt nan koub la. Chwal yo t'ap mennen yon charyo ki te pote yon douzèn timoun konsa.

Sara te voye men bay manman l', apre sa li te monte nan charyo a. Pandan chwal yo te pran mache ankò, Sara te wè manman ki t'ap voye men bay li. Li te kontan manman l' te rete ap swiv li pandan li ale.

Sara te vire gade agòch adwat. Lè je l' te tonbe sou Jàn, ki te vwazin li epi pi bon zanmi l', li te oblije souri. Li te fè sa pou li rive bò kote Jàn. Pandan li t'ap mache sou Jàn, kèk nan lòt timoun yo te wete kò yo bay li pase pou tifi piti yo te kapab chita ansanm youn ak lòt. Li te rekonèt pifò nan timoun yo. Li te konn wè yo nan legliz la chak Dimanch. Men genyen ladan yo li pa t' konnen ditou.

(Istwa a va kontinye nan yon pwochen edisyon an.)

—Mari Milè

Rod and Staff Publishers (Piblikasyon Gòl ak Baton), Kwokèt, Kennteki



SEKSYON TIMOUN



Mata Aprann Sonje

Mata te antre nan kizin lakay li a avèk bwat manje l' nan men li. Li di : « Manman, kisa ou konnen nou pral fè nan lekòl la demen maten ? »

Manman l' t'ap prepare yon gato. Li di : « Mwen pa gen okenn ide. »

« M'ap di ou. Demen machin liv la ap pase nan lekòl la. Nou chak ap genyen dwa chwazi de (2) liv pou n' prete. »

Sibitman, manman Mata te santi yon van frèt antre nan kay la. Li di : « Kote van sa a sòti, en ? Mata, kouri ale. Sanble ou te kite pòt kay la tou ouvè. »

« O. M' bliye. » Mata te di.

Manman Mata te oblije fè yon soupi. Mata te renmen bliye.

Manman Mata te mete gato a nan fou a. Li di pitit fi li a konsa : « M' prale nan ti jaden an bò kay la pou m' cache detwa kawòt. Tanpri, bale salon an. Retire gato a nan fou a apre kenz (15) minit, tande ? »

Mata te pase bale nan salon an byen rapid san li pa t' pèdi tan ap leve anyen. Li te di nan tèt li : Sa kont. Si m' fè vit, m'ap ka fin fè devwa m' yo anvan nou chita manje.

Trant (30) minit te pase anvan Mata te tande manman l' ki t'ap envite yon moun

antre nan kay la. Kilès ki te vini ? Se te frè Jakòb, Madanm Jakòb, ak tibebe yo a.

Manman Mata t'ap di konsa : « Si m' te konnen nou t'ap vini, mwen t'ap prepare manje pou nou. »

Frè Jakòb te sezi. « Ou pa t' konnen nou t'ap vini ? Ou pa t' resevwa mesaj la ? Nou te voye yon mesaj avèk Mata yè swa. »

Manman Mata gade Mata : « Èske ou te pèdi mesaj la, Mata ? »

Mata reponn : « Non. Se bliye m' te bliye ba ou li. »

Manman Mata di konsa : « Enben, mwen panse soup la ka rive pou nou tout. Epi san dout, nou tout ap jwenn nan gato m' sot fè a. »

« Gato a ! » Mata te oblije rele fò. Li te kouri ale nan kizin lan, men gato a te deja fin boule nan fou a. « O, manman ! Mwen te bliye pran gato a nan fou a ! »

Aprè yo te fin manje ansanm, Mata te mande manman l' : « Èske mwen ka ale lakay Alis ? Li pa t' vini lekòl jodi a. M' vle di li ki devwa nou genyen pou demen. »

Manman l' te di : « Enben, sa ka mache si ou retounen touswit. Pa rete plis pase di (10) minit konsa. Nou pral chante ansanm ak vizitè nou yo. »

Mata te antre nan kay la apre inèdtan. Papa l' te mande li : « Mata, poukisa ou sitèlman anreta ? »

Mata di konsa : « Nou te kòmanse pale, epi mwen te bliye swiv lè a. Èske se fot mwen si se bliye mwen bliye ? »

Jakòb ak madanm li te gade lè a. Yo di : « Nou pa ka rete lontan ankò. Si ou vle, nou kapab fè yon ti chante tou pitit anvan nou ale. »

Jou swa sa a, paran Mata yo te fè yon ti koze ansanm sou pwoblèm lan. Manman l' di konsa : « Lè Mata jennen, li annik di se bliye li bliye. Sa ki pi mal, sanble li pa wè okenn enpòtans nan sonje anyen. »

Papa Mata te reponn : « Mwen pa kwè li reyalize kòman sa t'ap ye si tout moun te menm jan avè l'. Mwen genyen yon lide. » Se konsa papa Mata te kòmanse pataje lide a ansanm ak madanm li.

Manman Mata di : « Dakò. M'ap jwe wòl pa m' lan. »

Nan demen maten, Mata te pantan sou kabann li. Poukisa li pa t' tande manman l' k'ap pare manje ? Li t'al gade nan chanm manman l'.

« Manman ? Li poko lè pou nou leve ? »

Manman l' reponn : « Wouch ! Mwen te bliye leve. »

Papa te kouri al okipe bèf yo pandan manman Mata te fè yon ti manje pou yo manje.

Mata di konsa : « Manman, fòk ou fè vit. Mwen pa vle rive lekòl anreta. »

Manman l' di : « Poukisa ou pa al rele papa ou ? »

Mata te kouri sòti nan kay la dèyè papa l'. Li kite pòt la tou ouvè. Manman l' te ale fèmen pòt la pandan li di nan tèt li : Tifi a poko janm aprann sonje.

Mata te twouve papa l' nan gwo depo a. Mata di : « Papa, poukisa ou poko antre ? N'ap tann ou. Manje a pare. »

Papa a di : « O, se kèk ti travay m' t'ap regle la. M' te tandé ou prese. Kòman m' fè bliye sa, en ? »

Lè yo te chita ansanm bò tab la, Mata te pran de (2) bout pen. Li di : « Voye kafe a ban mwen, tanpri. »

Manman l' di : « Kafe ? Wouch. Kòman m' fè bliye sa a ? M' pa t' fè kafe non. Men, se pa fòt mwen si se bliye m' bliye. »

Mata di : « Pou m' manje bout pen sa yo ak yon sèl men ? »

Manman l' di : « Enben, bwè lèt. »

Mata di : « Pa genyen lèt sou tab la non. »

Papa Mata di : « Wouch ! M' te prese. M' antre san mwen pa t' mache avèk lèt la. Mwen te bliye. »

Mata te gade lè a. Li di : « Rete sèlman di (10) minit anvan lekòl antre. Menmsi m' ale koulye a, mwen p'ap rive alè. » Li pase men l' pran bwat manje li a. Li te vid. Se premye fwa sa te rive l'.

Manman l' kouri pale : « Eskize m' pitit. Se bliye m' bliye pare bwat la pou ou. Pa gen pwoblèm. M'ap fè sa koulye a. »

Mata te tonbe kriye : « Manman ! Mwen p'ap rive pou m' jwenn machin liv la k'ap pase maten an ! Lèfini, pwofesè a va make m' anreta. »

Papa l' te vin konsole li : « Pa kriye, cheri. Sa pou n' fè ? Se bliye manman ou te bliye ? »

Jou sa a, lè Mata te retounen nan kay la, li di konsa : « Bwat la te yon katastwòf. Pen m' yo te benyen ak ji. Bonbon yo te mouye tou. M' pa t' ka manje yo, epi ji a te fin tonbe. »

Manman Mata di : « Wouch ! Sanble mwen te bliye bouche boutèy ji a. Dezole. Se prese m' te prese. Men yon bèl wòb mwen apenn fin koud pou ou. Ann mezire l' sou ou pou n' wè kòman li ye. »



Mata mete l' sou li. Li di : « Li yon bèl koulè ble ! Men poukisa manch sa a pi kout pase lòt la ? »

Manman l' di : « Wi, youn nan manch yo pi kout. Wòb la pa fin rive nan longè nonplis. Genlè mwen te prese pandan m' t'ap fè li. Elas. Sa pa anyen, pa vre ? »

Mata te jennen. Li tonbe kriye. « Sa k'ap fèt ak ou menm ak tout papa m' ? »

Se lè sa a papa a te antre nan kay la.

Li di : « Mata, nou gentan bouke bliye. Poukisa ou panse mwen menm ak manman ou kòmanse bliye tout bagay, en ? »

Mata te pale piti : « M' konnen poukisa. Se paske mwen toujou di mwen bliye. Ou te fè tout bagay sa yo pou m' aprann yon leson. »

Manman Mata te reponn : « Wi. Se sa menm. Nou regrèt ou te oblije souffri tout bagay sa yo. Nou te fè sa pou ede ou sonje genyen bagay ou pa dwe bliye. »

Mata te gade manman l' : « Mwen panse sa kapab ede m'. Pandan w'ap ranje wòb la, mwen pral kòmanse fè yon gato. M' pa kwè m'ap bliye retire gato sa a nan fou a alè. »

Papa a te di konsa : « Tout moun konn bliye pafwa. Men si ou retounen avèk afè bliye sa a, mwen menm ak manman ou va retounen nan menm plan an ankò. Sa va toujou ede ou sonje. »

Papa Mata ak manman l' te gade youn lòt. Yo te souri ansanm.

—Elmo Stol

Istwa sa a sòti nan *Step by Step (Pazapa)*

Nou genyen pèmisyon otè a pou n' tradwi li epi itilize l'.



Vèsè Pou Aprann

« Pa bliye, se pou nou fè sa ki byen, se pou nou youn ede lòt. Se ofrann konsa ki fè Bondye plezi »

(Ebre 13.16).



Aktivite Timoun

Èske ou konn bliye bagay ou dwe sonje ? Gade wit (8) defi yo ki anba epi konpare yo ak chak aksyon. Konekte defi a avèk aksyon ki ka mache avè l' la.

1. ____ Pwofèsè a mande ou vini lekòl ak plizyè kalite wòch.
2. ____ Papa ou ba ou twa (3) travay pou ou fè, youn apre lòt.
3. ____ Zanmi ou ba ou nimewo telefòn li.
4. ____ Manman ou ba ou yon lis kat (4) bagay pou w' al achte.
5. ____ Pandan ou prale lakay, yon vwazen ba ou yon lèt pou paran ou.
6. ____ Monitris lekòl dimanch lan mande ou memorize plizyè pasaj nan Bib la.
7. ____ Manman ou mande ou kache kle kay la yon bon kote.
8. ____ Yo konfye ou pote yon galon lèt bay yon kay ou poko konnen byen.
Papa ou esplike ou kote kay la ye.

-
- a. Fè yon ti chante avèk eleman yo : Alimèt, lèt ; bonbon, savon.
 - b. Pandan w'ap kache li, note byen kisa ki bò kote l', kisa ki devan l' ak kisa ki dèyè li.
 - c. Chache yo lè ou apenn rive lakay ou epi mete yo bò pòt kay la pou ou pa bliye yo.
 - d. Repete chak wout kote ou pral pase. Repete direksyon yo (agòch, adwat...).
Desine yon ti kat.
 - e. Ekri li sou yon papye. Gwoupe chif yo ansanm. Pito : 24-34-56-11 pase 24345611.
 - f. Repete yo plizyè fwa. Pandan w'ap fè premye a, repase sou lòt yo.
 - g. Li yo plizyè fwa. Pataje youn ak yon lòt moun. Li yo ankò. Repete de (2) pasaj yo ansanm. Pataje toude ak yon moun. Li yon ankò.
 - h. Pa mete l' nan pòch ou kote ou ka bliye li. Mete l' nan bwat manje a si ou konnen ou va vide bwat la lakay. Mete l' nan yon liv ou pral etidye jou swa sa a. Pa kache l' andan liv la nèt. Fè yon ti bout rete vizib.

*Menm jan
avèk amou,
rayisab se
yon bagay ki avèg.*

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon, oubyen ta renmen resevwa èd espirityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



*« Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon... »
(2 Pyè 1.19).*

Bon Tè

Semans lan te gaye ;
Chak grenn te vole kòm si li te pouse zèl,
Touswit, epi tou kontan,
Semans lan te libere.

Zepi yo te genyen yon bèl koulè jòn,
Jòn tankou solèy la, tankou lò.
Yo te grandi epi yo te donnen,
Yo te vin rèk, epi yo te vin itil.

Se te bon tè ki te nourri yo,
Se te bon tè ki te pèmèt yo pouse.

Bon tè, bon tè,
Bondye m', fè kè mwen
bon tè pou Pawòl Ou.

Prepare kè m' avèk amou pa Ou,
Wouze kè m' avèk pasyans pa Ou,
Lave kè m' avèk mizèrikòd Ou,
Epi travay kè m' selon volonte Ou.

Gloriya E. Womero Lozano